

“Pfupiso Yemashoko Emushandirapamwe Wezvitendero Zvakasiyana Maringe Nezveutano Nekodzero Dzezvebonde Nekuzvarwa Kwevana”

Southern Africa Faith Leaders Support Sexual Reproductive Health and Rights for All

1. NHANGANYAYA

Isu, senhengo dzevagari venharaunda dzezvitendero, tinotendera kuti hatingangomiri takatarisa kana vanhu vedu vasina mashoko maringe neUtano neKodzero dzezveBonde neKuzvarwa kweVana (Sexual and Reproductive Health and Rights) [SRHR] mudunhu umo madzimai zvikamu gumi kuzvika gumi nezvitatu kubva muzana (10 – 13%),¹ zvikamu makumi mapfumbabwe nezvishanu (95%) zvenhumbu dzevechidiki pasi rose² pamwe nemusengwa weHIV uyo unofungidzirwa kuti munhu mumwe kubva muvashanu vabva zera vane makore ari pakati pegumi nemashanu (15) kusvika makumi mana nemapfumbabwe (49), ane utachiona hweHIV.³ VeGirls Not Brides vanofungidzira kuti “nyika gumi neshanu dzenyika makumi maviri dzine uwandu hwekuroorwa kwevana huri pamusoro pasi rose dziri muAfrica”.⁵ MuSub-Saharan Africa zvinofungidzira kuti vanasikana zvikamu makumi matatu nezvipfumbabwe kubva muzana (39%) vanoroorwa vasati vasvika makore gumi nemasere (18), ukuwo zvikamu gumi nezvitatu kubva muzana (13%) vachiroorwa vasvika kana kuti vachiri pasi pemakore gumi nemashanu (15).⁶ Vanoitwa varoora vari vana vanonyanowanikwa kumaruwa kuzvikamu zvevanhu vanonyanyotambura uye vasina kudzidza.⁷ Vagari venharunda dzezvitendero vanowanikwa muzvikamu zvevanhu vakadai.

Tose tine basa sevagari venharaunda dzezvitendero kushandisa masimba eutungamiri hwedu kuti tidzidzise nekutsigira kuwana mukana wemashoko nerubatsiro zveSRHR zvakakodzerana nezera nemaramiro evanhu. Tinotenda kuvapo kwezvirongwa zveSRHR munyika gumi nenhatu (15) kubva munyika gumi neshanu (15) dzedunhu reSADC, zvimwe zvacho zvisingachaenderani nenguva uye zvinoda kuti zvigadziriswe zvienzerane nedanho reSRHR 2019-2030 reSADC.⁸

Sevagari venharaunda dzezvitendero kuChamhembe kweAfrica, tanga tichibatsira, uye ticharamba tichibatsira, kunyaya dzine chokuita neSRHR. Tanga tichishanda zvakasimba mukudzivirirwa nekugadzirisa nyaya dzenhumbu dzinokasika kuitwa kana dzisina kurongwa, kuroorwa kwevana, mhirizhonga dzine chokuita nekuva munhukadzi kana munhurume, pamwe neHIV/AIDS.⁹ Kunyange tichibvuma kuti “tine zvakanorwa zvakasiyana



zvinoti pamwe tinokurudzira kusimbaradzwa nekukurudzira budiriro, uye nedzimwe nguva tichimisa kodzero dzevechidiki nekukanganisa mararamiro avo akanaka,¹⁰ takazvipira kudzikisa nekuvandudza batsiro yedu kunyaya dzeSRHR. Tichivaka padzidziso dzezvitendero zvedu, tiri kuvavarira kukurudzira utano nekugara kwakanaka kwenhengo dzedu dzose.

Pfupiso yeurongwa iyi yakamirira pfungwa dzaanamuzvinafundo vezvitendero vanobva kunzvimbo dzakasiyana-siyana dzevagari vezvitendero, maringe nekudyidzana nevagari vakadai pamusoro penyaya dzine chokuita neSRHR kuChamhembe kweAfrica. Pfupiso iyi inoita basa rekutaura makoshero ekuti nharaunda dzezvitendero dziunze muhurukuro nemukuitwa kweurongwa hweSRHR mudunhu iri. Zvekare, inozivisa kukosha kwezvitendero mugakava kana hurukuro nemabasa ane chokuita neSRHR pamatanho akasiyana.

2. MANZWISIRO EDU NEZVEKUKOSHA KWEUTANO NEKODZERO DZEZVEBONDE NEKUZVARWA KWEVANA

Sevagari venharaunda vezvitendero, tinokurudzirwa kuti tibatsire “munhu wose pachezvake,” zvichireva kuti kubatsira munhu pazvose pasina panosara. Tinobatanidzwa netsika dzezvitendero zvedu dzakasiyana kuti tigadzirise zvakasiyana-

"Tinounza chiso chaMwari chine tsitsi muhurukuro dzeKodzero dzezveUtano hweBonde neKuzvarwa kweVana"

Baba Oliver Siandele

siyana zvemamiriro eutano hwemunhu zviri maringe nemuviri wake, magariro, zvemweya, zvemamiriro ehana yake, zvebasa, zvenjere, zvevatongerwo enyika, zvedziviro, zveupfumi pamwe nezvenharaunda. Nokudaro, nyaya dzine chokuita nekodzero neutano hwebonde nekuzvarwa kwevana dzakakosha kuchimiro chedu sevagari venharaunda dzezvitendero. Tinoziva zvakananya matambudziko akawanda eSRHR anosanganikwa nawo nevachangoyaruka nevechidiki mudunhu redu.


Kunyanya, tiri kukatyamadzwa nezviitiko zvakanwanda zvevasikana vadiki vari kubata pamuviri, mhirizhonga pavanhukadzi nevanhurume nezviitiko zvekubatwa neHIV kwevakadzi vechidiki mudunhu rino.¹¹ Tinocherechedza zvekare kushungurudzwa paindaneti kana nedzimwe mhando dzekutambudza kunoitirwa vamwe munzvimbo dzatinogara, kunyanya kuvana uye nevari kubva zera.

Tinowadzana nekukurukura nguva dzose nevanhu, mhuri nevagari venharaunda uye timire zvakanaka kuti tikurudzire hutano huzere. Tinopa vanhu mazano "kubva muchiberekoko chaamai kusvika kuguva" uye takakosha mubudiriro yeurongwa hweSRHR pamatanho enharaunda, nyika nedunhu rose. Kubva kunhoroondo dzezvitendero zvedu zvakasiyana, tinonzwisisa SRHR se:

Ikodzero yevanhu vose yekuwana ruzivo, mashoko nebatsiro zvine chokuita neutano, mabasa avo mune zvebonde nekuzvarwa kwevana pamwepo vachikoshesha umunhu neremekedzo yekuva munhu kumunhu wose. Kodzero dzeUtano hweBonde neKuzvarwa kweVana kunoratidza vavairo iyi kuvanhu vose kuti vave zvavakasikirwa kuti vave uye kuti vabatwe sevanhu vakakosha..¹²

Chitendero chedu chinokurudzira vanhu vose, kusanganisira vari kubva zera nevechidiki, kuti vawane zivo inopa upenyu. Kuwana mashoko akakodzerana nezera, echokwadi uye azvino maringe nemiviri yedu kunobatsira kukurudzira zvebonde zvine utano nekudzivirira mhirizhonga, kuwanisa vanhu hwaro hwakasimba hwekuti vabatsire mubudiriro yenyika nedunhu ravo. Tinokurudzira nhengo dzedu kuti dzitsvage ruzivo maringe neSRHR kuitira kuti, dzifambidzane nedzidziso dzezvitendero zvedu, dzitore matanho anotsigirwa nezivo. Kutsvaga ruzivo kwakakosha muzvidzidzo zvetsika dzezviterendero zvedu, sezvazvinotsanangurwa panotevera:

Kuburikidza nekukurudzira zvirongwa zvine budiriro zveSRHR, nharaunda dzezvitendero zvedu kuChamhembe kweAfrica dzichabatsirawo kuUrungwa hwePasi Rose hweZvinangwa



zveBudiriro Inoenderera Mberi (Sustainable Development Goals) (SDGs). Zvinangwa izvi zvinoenderana nezvitendero zvedu. Somuenzaniso, kukoshesha SRHR kuchabatsira mukuzadzikiswa kweSDG 3, inoti "Kuona kuti upenyu hune utano kumunhu wose hwavapo mekururudzira raramo yakanaka kumunhu wose pamazera ose," neSDG 5 inoti "Kuwana enzano pakati pevanhukadzi nevanhurume nekupa masimba kuvakadzi nevanasikana."

Zvinyorwa nedzidziso, tsika nepfungwa dzedu zvinoera, zvichatitungamira kumhinduro dzedu kuSRHR. Dzimwe dzepfungwa dzakakosha dzinotsanangura panotevera:

2.1. Kuzvarwa Takaenzana

"Muna Mwari, tose tine chiso chimwe chete"

Imam Lawrence Tsuro

Tinogutsikana uye tinokudza pfungwa yekuti varume nevakadzi vakasikwa vakaenzana. Tinobvuma kuti dzimwe nguva dzidziso, tsananguro dzemagwaro anoera netsika hazvina kuratidza chokwadi ichi chakakosha. Munguva zhinji, tinoshandisa tsananguro dzemagwaro edu anoera dzine matambudziko kubvumira vakomana nevarume kuti vave nemikana yakawanda kudarika vasikana nevakadzi. Izvi zvine zvikonzero zvakaipa, mose munharaunda dzedu dzezvitendero nemunyika nekukura kwayo. Kusarura vanhukadzi nevasikana kwakanganisa budiriro yemhuri, nharaunda, nyika nedunhu redu.

Tinovavarira kukurudzira tsanangudzo dzakanaka dzezvinyorwa zvinoera kuti ticherechedze kukosha kwevanhu vose. Nharaunda dzedu dzezvitendero dzicharamba dzichishingaira kudzidzisa nekutatidza pfungwa yekuti vanhu vose, pasina kutarisa kuti mukadzi kana murume here uye kuti vanowadzana sei, vakasikwa vakaenzana.

Chitendero cheBaha'i

Pasi revanhu rine mapapiro maviri – rimwe mukadzi, rimwe murume. Shiri inokwanisa kubhururuka chete kana mamapiro akagadzirwa zvakaenzana. Rimwe bapiro rikaramba risina simba, kubhururuka hakugoneki. Kana chete pasi revanhukadzi raenzana nepasi revanhurume mukutora hunhu neruramo, ndiko kuti budiriro nemagarikwa zvizadzikiswe sezvazvinofanira kuitwa.

Zvisarudzwa kubva kuZvinyorwa zvaAbdu'l Baha, sec. 227, p.302.

ChiKristu

Hapachisina muJudha kana muGiriki, hapachisina muranda kana musununguki, hapachisina murume kana mukadzi; nokuti mose mava chinhu chimwe chete munaKristu Jesu. **VaGaratiya 3.28.**

Chilsramu

“Uye mutendi, varume nevakadzi, ishamwari dzeumwe neumwe. Vanoparidza hunhu uye vanoodza moyo zvakaipa. Ivo vanochengeta salat, vanobhadhara zakat uye vanoteerera Allaf neMutumwa Wake. Ndiwo avo Allah achanzwira tsitsi pavari ” **Quran 9:71**

Naizvozvo, kushanda kwedu zvine simba muSRHR senharaunda dzezvitendero kuChamhembe kweAfrica, kunosundaizwa nepfungwa dzinotevera:

• Kucherechedza chiso chaMwari

Tinoona vanhu “sevakasikwa zvinotyisa uye zvinoyevedza” (Mapisarema 139: 14) uye “vose vakasikwa naMwari” (Korani 39:6). Nharaunda dzedu dzezvitendero dzinoisa rubatsiro muSRHR nokuti zvinogonesa vanhu kuti vabudirire uye vafarire upenyu huzere uye hunozadzikiswa. Munhu wose akakosha uye anofanira kuremekedzwa sezvo achiratidza mufananidzo waMwari. Vanhu vane hukoshwa hwavakazvarwa nahwo. Nokudaro, maonero nezveSRHR anosanganisira zvose, sezvo tichivavarira kuona kuti vanhu vose vawana mashoko nerubatsiro zvepamusoro, sezvatinodzidziswa netsika dzezvitendero zvedu.

• Kubatsira kune Tsitsi

Zvitendero zvedu zvakasiyana zvinotaura pachena kuti: tine basa kumararamiro akanaka eumwe neumwe wedu. Tiri muchengeti wehanzvanzikomana nehanzvanzisikana dzedu. Sevanhu hatisi maatomu anoangarara asingadyidzani neamwe. Imwechete yoga-yoga yetsika dzedu inodzidzisa kuti tine basa rekubatsirana. Mudunhu rekuChamhembe kweAfrica, pfungwa yeHunhu, “Ini ndini nokuti iwe ndiwe, uye nekuda kwekuti tiri isu, nokudaro ini ndiri ini,” inokurudzira kutsigirana.

Naizvozvo, kubva kumaonero ezvitendero zvedu, tinomira tichitsigirana nevari kuyaruka nevechidiki zvekare nevakura, apo vanogadzirisa nyaya dzeSRHR muupenyu.

Nokudaro tine basa rekupa rubatsiro kuvasikana vari kuyarura vanobata pamuviri, vanoita vanababa vachiri vana, pamwe nevechidiki vanopunyuka mhirizhonga yepakati pevanhukadzi nevanhurume.

• Remekedzo kumunhu wese

Kushorwa nekusarura vanhu sewe kunopikisana nezviga zvakakosha zvechitendero chedu. Sevati, tinobvuma kukosha neremekedzo yevanhu vose. Tinoramba kufambidzana neavo vanotuka, kudzikisira nekunyenyeredza vamwe muzita rezvitendero zvedu. Tinokoshesa pfungwa yekuti vanhu vose vanofanira kuremekedzwa uye kuti remekedzo yavo sevanhu haifaniri kukanganiswa. Remekedzo yemunhu yakakosha kumaonero atinaita SRHR mumhuri, nharaunda, nyika nedunhu redu, Mavambo 1: 27 muChiKristu inotaura pfungwa yekuti munhu akasikwa nemufananidzo waMwari. Kukosha kwemunhu (karamah muChilsramu) kune midzi muvhesi yemuKorani inoti: “Takapa ruremekedzo kuvana vaAdam... uye takapa kwavari fevha yakakosha pamusoro pechidimbu chikuru chekusika Kwedu” (17:70). Muchitendero cheBah'ai, enzano neremekedzo yemunhu zvinonekwa sezvimwe chete kuvakadzi nevarume: “Vakadzi vane kodzero dzakaenzana nevarume pasi pano; muzvitendero nemunyika zvinhu zvakakosha zvikuru. Kana vakadzi vakaramba vachitadziswa kuzadzikisa mikana yavo yepamusoro-soro, varumewo vachatadza kuwana umbiri hunokwanisa kunge huri hwavo” (Abdu'l-Baha: “Ziviso yezveRunyararo Pasi Rose”)

• Zivo yechakaipa nechakanaka



Zvichifambidzana nemagwaro edu anoyera, dzidziso netsika, zivo yechakaipa nechakanaka yemunhu pachezvake inoitisa basa guru mumaonero atinaita SRHR. Zvitendero zvedu zvakasiyana zvakabatana mukutenda kuti Mwari akapa vanhu chipo chezivo yechakanaka nechakaipa. Iri ndiro “izwi remukati” rinoita kuti vanhu vendudzi dzakasiyana dzezvitendero vakwanise kupatsanura chakanaka kubva mune chakaipa. Zivo yechakanaka nechakaipa chivanikwa chine simba chinobatsira vatendi kuti vangaita sei maringe nenyaya dzinopikiswa dzeSRHR, zvichifambidzana nemagwaro anoera nedzidziso netsika dzinowanikwa mutsika dzezvitendero zvedu zvakasiyana.

2.2. Basa rezvitendero mukukurudzira kubatwa nomazvo kwemunhu wose

"Kutadziirwa kwemunhu mumwe kutadziirwa kwedu tose senharaunda yezvitendero. Tinoda kudzokera kuvanhu vatakadaidzwa kuti tibatsire kwete kumasimba."

Bhishopi A.M.Mnisi

Imwe pfungwa inotitungamira mumhinduro dzedu kuSRHR dzeyokuti ichokwadi kuti zvitendero zvinofanira kukurudzira kubatwa nomazvo kwemunhu wese. Zvitendero hazvisi kure kana kuti zvakabviswa muzvitiko nenyaya dzepasi rino. Asi zvechokwadi, zvitendero zvinofanira kurarama nekuratidzwa nenzira dzakavandudzwa. Maratidzirwo ezvitendero zvedu anotsigirwa nepfungwa inoti: Usakuvadza.

Zvitendero netsika dzedu zvinobatsira kutungamira vatendi. Tinovavarira kubatsira vatendi kuti vave negadziro iri nani kukunda matambudziko avanosangana nawo. Tinotungamirwa netsika dzerudo, kubvuma, tsitsi uye nekutsigirana. Nokudaro, tinoshingaira kubatsira vatendi neperekedzo nerwendo. Tinovavarira "kuteerera tiine rudo," zvikuru kuburikidza nekubvuma kuti vachiri kuyaruka nevehidiki vanokanganisa. Asi, tinovavira sebasa redu kuti tivepo kupa rubatsiro kuvanhu nemhuri apo vanoedza kurarama, vachisangana zvose nemafaro nematambudziko.

2.3. Kukusha shoko: Kushandisa nzira dzedu dzemukati nekunze dzagara dziripo

"Famba nesu nzira iyi yekutenda. Zvidzidzo zveChitendero cheBah'ai zvinoti dzidzo yakakosha zvikurusa. Kana ndikatadza kudzidzisa mwana wangu, ibasa rangu kudzidzisa mwana wemunharaunda."


Abdia Naidoo

Tiri kutoshanda zvine simba mukupindura nyaya dzeSRHR pamatanho akasiyana, kunyange tichibvuma kuti tinofanira kunge tichiwedzera zvakanaka. Somuenzaniso, dzimwe nharaunda dzezvitendero zvedu dzakamba matanho nenzvimbo dzinobva muzvidzidzo zvezvitendero kugadzirisa nyaya dzeSRHR. Vamwe vari kufambisa urongwa hweshambadziro hunorambidza mhirizhonga pakati pevanhukadzi nevanhurume, hwakaita sehwe "Thursdays in Black Campaign." Humwe hurongwa hunosanganisa kuita matare ehurukuro nevari kuyaruka nevehidiki, kucherechedza magwaro anoera neSRHR, kubvisa tsika dzeuwadzana kwevakadzi nevarume dzinodzvanyirira kuchiswa dzinosunungura nedzimwe. Tine zvikoro nezvipatara zvinopa batsiro nemashoko maringe neSRHR zvichienderana nezvitendero zvedu. Kana pane nyaya dzisingabvumidzwe nezvitendero zvedu, tinodenda vatinobatsira kune mamwe masangano vanokwanisa kubatsira kutidzira. Asi tinovavira

kushanda mumabasa anotevera kuti tidzamise mhinduro dzedu kunyaya dzeSRHR.

• Kuparidza nenzira dzinoera

Zvakakosha chose kwatiri kushandisa nzira dzinoera dzatinadzo, kuparidza mashoko akanaka nezveSRHR. Tine rombo rakanaka rekuva nevateereri vakawanda vanoungana vachinamata nekukurukura pamazuva akasiyana pasvondo. Tichavavarira kushandisa zvakanaka mikana yatinayo kufambisa mashoko anopa upenyu maringe neSRHR



kuburikidza nenzira dzinoera dzatinadzo munharaunda dzedu. Tinotsigira zvinotungamira mharidzo kuti zvibatanidze pamwe kutsanangurwa kwemagwaro anoera kuti tidzivirire tsananguro dzisiri dzechokwadi.

• Nhepfenyuro/Rhedhiyo yenharaunda

Mumamiriro akawanda, nharaunda dzedu dzezvitendero dzine zviteshi zvenhepfenyuro dzemarhedhiyo. Tinovavira kuita zvakanaka kuitira kuti tishandise rhedhiyo dzenharaunda idzi kudzidzisa mashoko eSRHR akakodzera. Zvinhu zvakanaka kugovana mazano, mashoko netsika dzine chokuita neSRHR munharaunda dzedu. Dzinopa mashoko kuvanhu vanonetsekana kuti asvike kwavari avo vatinobatsira, zvichifambidzana nekugadzirisa nyaya dzine chouita nemagariro, upfumi, tsika, dzidzo, utano, mvura neutsanana, uye nenjodzi.

• Zvinyorwa

Kunyange zvazvo nharaunda dzedu dzezvitendero dziri kuita amwe mabasa ane chokuita neSRHR, nguva zhinji mabasa aya haanyorwi pasi. Rimwe rematambudziko edu makuru munharaunda dzezvitendero nderokuita mabasa akawanda, asi tisinganyori nezvawo. Nokudaro, tinovavira kutanga kunyorwa nomazvo kwemabasa edu eSRHR. Izvi zvakanakosha muurongwa hwedu hwekutarisa nekuongorora. Zvitendero zvedu zvinotipa masimba kuti tione kuti tinoshanda zvine budiro uye zvinoendeka, naizvozvo kunyora, kutarira nekuongorora hadzisi pfungwa itsva kwatiri. Tichavavarira kugadzira foroma dzekunyorwa kwezvitiko dzisinganetsi uye dzinokwanisa kubatana nedzimwe mhando dzekufambisa mashoko munharaunda.

• Kushandisa nhengo dzemarongerwo ezvitendero dzakasiyana mumasangano edu

Tine zivo yekuti masangano edu ane marongerwo anoita kuti zvirongwa zveSRHR zvifambiswe zvine budiro. Mazhinji

CHITENDERO CHEBAHA'I CHINOBATANA NEVAMWE KUBATSIRA MUNYAYA YEMAKUNAKUNA NEKUTYORWA KWEMHURI

Amwe makore apfuura, zvakaiteka kuti imwe mhuri yakauya kuva imwe yenhengo dzechitendero cheBah'ai munharaunda. Kusati kwapera nguva vatendeuka, umwe mwanasikana wavo aiyaruka akabata pamuviri. Panguva iyoyo zvinosuwa kuti vasikana vakawanda munzvimbo maigara mhuri iyi vakasangana nedambudziko iri. Pakazikanwa nhumbu iyi musikana uyu akatanga kurovha kuzvitiko zvose zvekereke, asi mushure mekubatsirwa ndimo maakazouya chinyararire kune dzimwe ungano dzekereke. Kunyange zvakaadaro, kereke yemweya yakazoziva kukanganiswa kwakasangana nemusikana kuburikidza nekubvunza vemhuri

iyi, avo vakabvuma kuti baba vemhuri iyi ndivo vakanga vabata mwanasikana wavo chibharo. Aya aiva mashoko aishamisa zvokuti kereke yakazotsvaga nzira yekugadzirisa dambudziko rakaoma kudai kuti mwanasikana uye nemhuri yose vachigara zvakanaka. Kuburikidza neurongwa hwekubvunza nekuonana nenyanzvi dzezivo munharaunda yeBaha'i, mhuri yakatora danho kuna baba vayo avo vainzi neamwe mashoko vakanga vachidanana nevamwe vasikana nevakadzi munharaunda. Baba vakasangwa vakandopika jeri.

Zvinosuwa kuti zvakaiteka zvinoramba zvichityisa nekushungurudza musikana uyu, uye zvinosuwa kuti mwanakomana waakazvara anonetsekana nedambudziko rine chekuita nemazvarirwo ake. Vamwe vemhuri vakakanganiswa zvokuti vakaenda kunogara kune rimwe

dunhu vachiedza kunzvenga chokwadi chinorema chakanga chava mumhuri.

Nyaya iyi yechokwadi inongobata chete pamusoro pezvakaipa zvinoitika kwenguva refu mushure mekuitika kwemhando yekushungurudzwa yakadai. Musikana uyu nemhuri vakawana mukana wekubatsirwa nekutsigirwa kubva kunharaunda yechitendero nemasangano ayo. Amai vemhuri vakaramba vachimira-mira mumabasa enharaunda yechichitendero kusvika pakashaya uye vakashanda vaine rutsigiro muurongwa hwekuporeswa pachezvavo. Asi musikana achiri kuyaruka nemwanakomana wake vanoda kuramba vachipangwa mazano, amwe mazuva achiva nani kudarika amwe. Pamwe izvi ndizvo chimwe chezvinhu zvakakosha zvinoda nguva muupenyu hwavo hwose. Nharaunda yeBaha'i inoramba ichibatsira mhuri iyi.

emasanganano edu akarongwa zvichienderana nezera uye nekuti munhu mukadzi here kana murume; somuenzaniso pane mapoka evechidiki, evakadzi nevarume. Tinoshingaira kushandisa marongerwo aya zvakasimbisa kukurudzira urongwa hweSRHR hune budiriro.

• **Kushanda pamwe nevamwe vane chokuita neSRHR**

Rimwe rematambudziko atinosangana nawo senharaunda dzezvitendero nderokuti nguva zhinji tinongotarisa chete mukati. Izvi zvinoita kuti titadze kushanda pamwe nevamwe vakakodzera munyaya dzeSRHR. Ava vanosanganisira nyanzvi dzeutano, vadzidzisi, vematongerwo enyika, vashandi vezvemitemo nevamwe. Muzvitiko zvizhinji, vanhu ava inhengo dzenharaunda dzedu dzezvitendero. Naizvozvo, tinovavarira kuronga zvine uchenjeri mukushandapamwe kwedu neamwe

masanganano nevanhu vane chokuita nekugadziriswa kwenyaya dzeSRHR munharaunda dzedu.

• **Govanai nezvimwe zvitendero**

Tinokoshesa kukosha kwekushanda pamwe sevatendi. Kunyange vamwe vachivavarira kukurudzira kupatsurana pamwe nemakwikwi, tinozvipira kushanda pamwe kugadzirisa matambudziko ane chokuita neSRHR ayo atinosangana nawo tose. Magwaro edu anoera anokoshesa zvakanakira kushanda pamwe zvinobatsira tose. Tine chokwadi pakugovana zvishandiswa nezvinosanganikwa nazvo mukurarama nevanhu vezvimwe zvitendero, tichaumba humwe hurongwa hweSRHR hune budiriro. Izvi zvichabatsira kuti tive nedunhu rine utano huri nani, rakasimba zvakawedzera uye rine budiriro yakanaka.

ZVINYORWA ZVETSVAGURUDZO

1. Southern Africa Gender Protocol Alliance SRHR Policies and ... Figure 1: Number of countries with stand-alone SRHR policies & laws.
2. WHO Fact Sheet on Adolescent Pregnancy 2018.
3. Mapping HIV prevalence in sub-Saharan Africa between 2000 and 2017.
4. United Nations Children's Fund, Ending Child Marriage: Progress and prospects, UNICEF, New York, 2014, https://www.unicef.org/media/files/Child_Marriage_Report_7_17_LR..pdf
5. UNICEF https://data.unicef.org/wp-content/uploads/2015/11/UNICEF-Child-Marriage-Brochure-High-Single_246.pdf
6. UNICEF 'The state of the world's children 2015: Reimagine the future', data.unicef.org/wp-content/uploads/2015/12/sowc_2015_Summary_and_Tables_210.pdf
7. UNICEF https://data.unicef.org/wp-content/uploads/2015/11/UNICEF-Child-Marriage-Brochure-High-Single_246.pdf
8. ibid
9. For example, the Southern African Development Community (SADC) concedes that, "Gender based violence is known to be widespread in the Southern African Development Community (SADC) region and presents a major obstacle to attaining gender equality and equity." <https://www.sadc.int/issues/gender/gender-based-violence/>
10. UNFPA, "Enhancing Sexual and Reproductive Health and Well-Being of Young People: Building Common Ground between the United Nations and Faith-Based Development Partners," n.d., <https://www.unfpa.org/sites/default/files/pub-pdf/EnhancingSexualAndReproductiveHealth.pdf>
11. "Start Free Stay Free AIDS Free 2019 Report," UNAIDS, Geneva, 2019, p. 6. "The number of new HIV infections among adolescent girls and young women, many of whom become mothers, remains too high".
12. See G. Paterson and C. Long. 2016., eds., Dignity, Freedom, and Grace: Christian Perspectives on HIV, AIDS, and Human Rights. Geneva: World Council of Churches. This is a working, tentative definition of a faith-based approach to SRHR.

Mhedziso

Nharaunda dzezvitendero dzakakosha mubudiro yezviringwa zveSRHR mudunhu rino. Tine nhengo dzakawandisa, dandemutande renyanzvi dzeruzivo, zvishandiswa uye nechido chekushanda kufambisa zviringwa zvinobudirira. Tichisundaizwa nezvitendero zvedu negurumwandira revanhu vanozvipira vega kushanda nesu, tine simba rekupa utungamiri mumabasa makuru ekugadzirisa SRHR pamatanho anoti mhuri, nharaunda, nyika nedunhu rose. Chitendero chedu ndiwo musimbati wedu. Chinotibvumira nekutipa zivo mukuwadzana kwedu nenyaya dzeSRHR. Inosundaizwa chido chedu nekupa chiedza pamadingindira ane makakatanwa. Chitendero chedu chinotungamira mashandiro edu muSRHR chichitigonesa kugovana pfungwa yakadzama yekuti kuva nechokuita kwedu munyaya dzeSRHR kunovaka hwaro hwakasimba hweurongwa hune budiro uye hwakavandudzwa mudunhu rose.

PFUPISO YEMASHOKO IYI YAKAITWA NEMASANGANO ANOTEVERA:



ACT UBUMBANO



The Methodist Church of Southern Africa
A Christ healed Africa for the healing of nations

actalliance

